



Advocates for Children of New York

Protecting every child's right to learn

Sèvis reyadaptasyon edikasyon espesyal

Anpil elèv ki gen kondisyon devlopmantral ak andikap gen difikilte pou yo fè pwogrè nan etid yo pandan COVID la epi yo bezwen èd ak sèvis anplis pou ede yo rejwenn chemen an. NYC DOE a ap ofri Sèvis Reyadaptasyon Edikasyon Espesyal (SERS) pou elèv ki gen IEP epi ki asiste lekòl NYC DOE yo.

Ki kalite sèvis ki disponib ?

Sèvis yo ka chanje de lekòl an lekòl. Tipikman, yo enkli Sèvis Sipò pou Pwofesè Edikasyon Espesyal (SETSS) oswa enstriksyon nan ti gwoup epi sèvis ki asosye yo, tankou terapi fizik, terapi okipasyonèl oswa terapi pou ede moun pale. SERS yo dispansè nan sik ki dire ant 8 ak 10 semèn epi yo te kòmanse nan fen trimès oton an. Lekòl yo ka ofri elèv yo plis pase yon sik de SERS si lekòl la kwè ke elèv la bezwen plis sèvis.

DOE a tef è lekòl yo konnen ke pifò sèvis SERS pou elèv yo pandan premye sik la ta dwe dire ant 10 ak 20 èdtan de sèvis SETSS epi ant 5 ak 10 èdtan pou chak sèvis asosye a pou elèv yo, selon nivo bezwen yo.

Lekòl pitit ou te sipoze gen tan kontakte w pandan oton ki sòt pase a oswa nan kòmansman ivè a pou pale konsènan bezwen pitit ou a epi sa yo kapab pwopoze kòm sèvis aprè lekòl la, le sanmdi oubyen nan kèk ka, anvan jounen lekòl la fini menm. Si lekòl pitit ou pa t janm kontakte w, se pou w kontakte yo pou w mande pou pale ak yon moun konsènan bezwen pitit ou genyen. Si orè a pa mache pou fanmi w, ou ka voye yon imèl bay sers@schools.nyc.gov epi mande yo pou ba w yon lòt fason pou w resevwa sèvis SERS yo.

Kilè sèvis yo ofri ?

Chak lekòl gen dwa fikse yon orè byen detèmine pou SERS. Yo ka ofri sèvis yo :

- Anvan lekòl la
- Aprè lekòl la
- Le sanmdi
- Vityèlman

Si orè lekòl la pwopoze a pa mache pou w, fè yo konnen sa. Ou gen dwa kapab fikse yon lòt randevou oswa lekòl la gen dwa ba w kupon ki rele P3 pou sèvis titè ak Otorizasyon pou Sèvis Asosye (RSA) pou itilize ak founisè ekstèn, men ou pral gen responsablite pou w jwenn founisè sa yo ou menm. Si lekòl la pa ofri w yon altènatif ki mache pou ou menm ak elèv ou, ou ta dwe voye yon imèl bay yo nan sers@schools.nyc.gov.

Èske gen sèvis transpò nan bis ?

Si pitit ou benefisye de sèvis transpò nan bis dapre IEP yo a, DOE ta dwe founi sèvis transpò an bis sa yo bay Sèvis Reyabilitasyon Edikasyon Espesyal. Sepandan, jiskaprezan, DOE pa t fè sa, epi olye pou l fè

sa yo konn ap ofri kat Metro ak ranbousman pou lòt mòd de transpò, men ou menm oswa yon lòt moun ki responsab pitit la pral oblije ale ansanm ak pitit ou lè konsa. DOE a te di ke l ap eseye aranje sèvis transpò an bis pou timoun ki te resevwa SERS pandan lè aprè lekòl yo. Si pitit ou bezwen sèvis transpò an bis pou l asiste SERS, se pou w fè lekòl la konnen sa a nan yon kominikasyon alekri.

Kisa pou w fè si w pa dakò ak sa yo ofri pitit ou a ?

Si w pa dakò ak orè lekòl la pwopoze a oswa si orè yo pa mache pou pitit ou a, se pou w ekri yon lèt oswa yon imèl pou voye bay pèsònèl lekòl la pou di yo sa. Ou ta dwe klè epi dirèk lè w mande yon lòt orè. Ou ka mande yon reyinyon IEP tou pou esplike sa pitit ou a bezwen.

Ou ka voye yon imèl bay sers@schools.nyc.gov oubyen rele nimewo 311 tou pou mande pou sèvis adisyonèl pou konble vid ki te genyen avèk aprantisaj vityèl la. Sèvis dedomajman yo la pou rekonpase ou pou fason DOE a te manke bay pitit ou yon pwogram oubyen sèvis ki apwopriye pou li a, epi yo ka ba w nenpòt sa pitit ou bezwen pou konble vid sa yo. Ou ka toujou mande pou sèvis dedomajman menm si w te déjà aksepte resevwa sèvis SERS. Ou ta dwe mande lekòl la pou sèvis dedomajman anvan, men si yo pa dakò, ou gen dwa oblije depoze yon demann pou yon odyans san patipri pou w ka jwenn sèvis sa yo.

Advocates for Children of New York, Inc.

151 West 30th Street, 5th Floor, New York, NY 10001

Liy telefònik sèvis Edikasyon Jill Chaifetz la :

1-866-427-6033 (san fre), lendi—jedi, 10h00—16h00

www.advocatesforchildren.org

Fich konsèy sa a pa dwe konsidere kòm konsèy legal oswa jiridik. Objektif gid sa a se pou eseye fè yon rezime de politik oswa lwa ki deja egziste, san pataje pwendev AFC. Si w gen yon pwoblèm jiridik, souplè kontakte yon avoka oswa yon defansè.

Dwa lotè © mas 2022 pa Advocates for Children of New York, Inc.